



Pou Piblikasyon Imedya: 24/04/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO KANPAY POU FÈ SANSIBILIZASYON SOU LWA “MOVE OVER” (METE SOU KOTE) NEW YORK LA

Nouvo [Videyo](#) Temwanyaj ki Souliyen Danje Sekouris New York yo Fè Fas epi Mete Aksan sou Enpòtans Lwa Move Over a

Thruway Authority, Lapolis Eta a, ak Operatè Kamyon Remòkaj yo Ap Fè yon Sansibilizasyon nan Zòn Sèvis yo Jounen Vandredi 28 Avril la soti 10 è a.m. – 2 è p.m.

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon nouvo kanpay pandan tout yon semèn pou sansibilize sou lwa “Move Over” New York la, ki egzije chofè yo itilize pridans, ralanti epi mete yo sou kote ak sekirite lè y ap apwopche veyikil fòs lòd, ponpye, anbilans, kamyon remòkaj, ak veyikil konstriksyon ak mentnans ki kanpe sou bò wout yo atravè eta a. Lwa a te adopte an 2011 pou pwoteje Nouyokè k ap travay sou wout la e yo te elaji l depi lè sa pou mete plis kalite veyikil ijans ak risk.

Gouvènè Cuomo te deklare: “New York gen zewo tolerans pou chofè ensousyan, danjere yo, e ak lansman nouvo kanpay sa, eta a ak ofisyèl lokal yo ap ede edike Nouyokè yo sou enpòtans pou pase sou kote pou sekouris yo. Kanpay sa voye yon mesaj klè bay chofè yo pou obeyi lalwa, rete an alèt epi ede asire sekirite gason ak fi sou tout wout New York yo.”

Soti lendi 24 Avril rive vandredi 28 Avril, y ap afiche siy mesaj ki varye atravè eta a k ap afiche rapèl e y ap kole postè enfòmasyon nan rejyon sèvis Otowout yo pou sipòte kanpay la. Nan vandredi 28 Avril apati 10 è a.m. – 2 è p.m., pèsonèl Thruway Authority, Sòlda Eta yo ak operatè kamyon remòkaj yo ap kenbe flayè epi fè konvèsasyon ak vwayajè yo pou sansibilize yo sou lwa Move Over a nan zòn sèvis yo sou tout New York State Thruway la (I-87 ak I-90).

Nan kad kanpay la, Twoup T Polis Eta New York la ap fè yon seyans detay aplikasyon lwa Move Over a sou Thruway la pou chofè ki pa mete yo sou kote pou veyikil ijans, kamyon remòkaj ak veyikil mentnans yo.

Anplis, pou ede fè pwomosyon lwa Move Over a, Thruway Authority a sòti yon [videyo](#) temwanyaj ki prezante yon kòlèg Ronald Deming, yon operatè ekipman lou konstriksyon nan Thruway Authority nan Konte Herkimer, yon veyikil te frape e ki te blese gravman pandan li t ap ede nan rekiperasyon yon machin sou bò yon chose nan dat 28 Oktòb 2016.

Nan vandredi 28 Avril, soti 10 è a.m. – 2 è p.m., reprezantan yo ap fè pwomosyon lwa Move Over a nan zòn sèvis sa yo sou tout Thruway la:

Ramapo

Direksyon sid I-87

Ant exit 16 (Woodbury Toll Barrier) ak 15A (Suffern – Rte. 17N)

Plattekill

Direksyon nò I-87

Ant exit 17 (Newburg – I-84) ak 18 (New Paltz – Rte. 299)

New Baltimore

Direksyon nò ak sid I-87

Ant exit 21B (Coxsackie – Rte. 9W) ak 21A (Berkshire Section/rive Mass Pike)

Pattersonville

Direksyon lwès I-90

Ant exit 26 (Schenectady – I-890) ak 27 (Amsterdam – Rte. 30)

Dewitt

Direksyon lès I-90

Ant exit 36 (Syracuse – I-81) ak 35 (Syracuse – Rte. 298)

Chittenango

Direksyon lwès I-90

Ant exit 34 (Canastota – Rte. 13) ak exit 34A (Syracuse – I-481)

Clarence

Direksyon lwès I-90

Ant exit 48A (Pembroke – Rte. 77) ak 49 (Depew – Rte. 78)

Angola

Direksyon lès ak lwès I-90

Ant exit 57A (Eden-Angola) ak exit 58 (Silver Creek – Rte. 438)

Direktè pa Enterim Thruway Authority a, Bill Finch te deklare: “Anplwaye nou yo k ap travay sou bò wout la, ap fè travay yo senpleman. Nan fen jounen an, ekip nou yo vle retounen lakay yo san danje al jwenn pwòch yo. Nou dwe ralanti epi pase sou kote si pa gen danje, pou yo ka fè sa.”

Delege Egzekitif Adjwen DMV e Prezidan pa Enterim Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee), Terri Egan te deklare: “Li enpòtan anpil pou chovè yo pase sou kote si yo ka fè sa san danje lè y ap pase devan yon machin polis, veyikil ijans, kamyon remòkaj, oubyen fatra ak kamyon resiklaj. Travayè sa yo deyò pou ede lòt moun sou wout nou yo, y ap fè travay yo menm nan move tan, e fanmi yo vle yo retounen lakay yo an sekirite.”

Sipè Entandan Polis Eta a, George P. Beach II te deklare: “Polis Eta New York la angaje pou kenbe wout nou yo an sekirite - pou sila yo k ap vwayaje sou yo, e pou sila yo k ap travay sou yo. Nou ankouraje tout chofè yo ralanti epi pase sou kote lè w wè yon veyikil ijans oubyen yon ekip mentnans sou kote yon wout. Rete an alèt epi mete aparèy elektwonik ou yo sou kote. Sòlda yo ap mete règleman yo an aplikasyon sou wout la e y ap bay moun ki pa respekte yo kontravansyon.”

Delege Depatman Transpò Eta New York la (New York State Department of Transportation), Matthew J. Driscoll te deklare: “Travayè konstriksyon ak mentans otowout Eta yo deyò a chak jou pou rann wout ak pon New York yo pi an sekirite. Yo depann de nou tout pou obeyi règleman limit vitès yo epi swiv règleman wout yo pou kenbe yo ak tout lòt moun yo lwen danje. Lwa Move Over Gouvènè Cuomo a ede asire pasaj ki san danje pou sekouris ijans, travayè sou otowout yo ak tout lòt moun ki sou wout la. Sekirite trafik se yon responsablite pataje e nou tout dwe fè pati pa nou lè n pa voye mesaj tèks epi kondwi, ralanti nan zòn travay yo, epi pase sou kote pou veyikil ijans yo.”

An 2016, yo te elaji Lwa Move Over New York la pou mete ponpye volontè ak travayè anbilans yo. Lwa anvan an te aplike sèlman pou veyikil fòs lòd, ijans oubyen risk yo. Nouvo lwa a aplike a veyikil ki gen limyè ble, vè, wouj, blan oubyen limyè jòn yo. Lwa elaji a bay ajan fòs lòd yo plis otorite pou penalize vyolatè ki mete sekirite sila k ap travay sou otowout yo an danje.

Lwa Move Over a aplike pou toulede bò wout la, pa sèlman nan bò dwat la, e chofè yo jwenn ki pa respekte l yo ka fè fas ak de pwèn nan lisans yo ak yon amand \$150 minimòm pou premye deli a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418